

Feyè Enfòmasyon
Inogirasyon Majistra Michelle Wu
Lendi 5 janvye 2026

Detay Diskou a

Majistra Wu te reflechi sou akonplisman pandan premye manda li a:

- Vyolans ak zam bese nan nivo ki pi ba ki anrejistre.
- Li te kowòdone yon repons ki soti nan tout vil la pou fini an pèmanans ak kanpman ki nan zòn Mass ak Cass.
- Li te kreye lojman ki pi abòdab pandan tout yon jenerasyon, epi li te lanse premye pwosesis reamenajman nan tout vil la, redui tan apwobasyon pou konstwi nouvo kay a mwaye, li te kreye nouvo fon pou finans akizasyon ak depans konstwiksyon konpanse, epi li te lanse nouvo pwogram pou ede plis fanmi nan Boston vin tounen pwopriyetè kay pou premye fwa.
- Ajoute plas pou ofri 5,000 plas, pre-k kalite siperyè ak gratis, epi ogmante ekosistèm gadri Boston an ak prèske 2,000 plas.
- Li te anseye plis pase 20,000 timoun kijan pou yo naje ak monte bisiklèt.
- Te ogmante aksè jèn yo nan espò nan tout vil la.
- Te fè mize ak enstitisyon kiltirèl gratis pou tout timoun nan Boston ak fanmi yo.
- Li te fè investisman jenerasyonèl nan Boston Public School—kote li te fokalize sou aksè ak kourikoulòm kalite, gwo atant ak rigè akademik—sa ki te pèmèt li depase 28 lòt distri pandan dire premye manda li a.
- Li te ogmante kantite gradyasyon ak moun ki ale lekòl.
- Distri a sou wout pou li ofri klas kolèj bonè pou tout etidyan segondè rive nan otòn 2028.
- Li te pèmèt rezidan ak biznis yo ekonomize plis pase \$230 milyon sou fakti enèji.
- Li bese nivo espas vid nan lavant an detay a mwaye an konparezon ak de lane anvan.
- Fè twa pakou bis gratis.
- Repave 102 mil wout piblik, rann li pi fasil pou ranje twotwa, epi konstwi plis mil pou pwoteje enfrastrikti bisiklèt plis pase anvan.

Lè li panse ak lavni, Majistra Wu te pataje priyorite li pou pwochen katran k ap vini yo:

Priyorite Majistra Wu pandan dezyèm manda li a se konstwi Boston Public Schools (BPS) pou fè li tounen pi bon lekòl distri nan tout peyi a, yon fason pou BPS kapab premye chwa pou tout fanmi nan Boston. Li te esplike sa sa vle di ekselans operasyonèl, rigè akademik, ak atant wo nivo nan chak sal klas. Majistra Wu pral kontinye pran desizyon difisil ak fè chanjman enpòtan pou li ofri kalite ansèyman wo nivo ak aprantisaj pou chak etidyan, pi pre lakay yo. Pou konstwi pi bon distri a, Vil la pral kontinye kenbe distri a nan bon gwosè a, amelyore transpò ak asire li ke chak katye, etidyan genyen aksè ak bon jan kalite edikasyon ki pi pre lakay yo. Majistra a te anonse ke Vil la pral revize pwosesis bay devwa lekòl la. Majistra Wu te anonse ke Distri a pral ofri kalite anvan ak apre pwogramasyon lekòl nan chak lekòl BPS rive nan kòmansman ane lekòl 2027.

Detay Pwogram nan

Feyè Enfòmasyon

Inogirasyon Majistra Michelle Wu

Lendi 5 janvye 2026

Gad Onè a te genyen ladann manm Lapolis Boston, Ponpye Boston ak Sèvis Ijans Boston.

Kat etidyan Boston Public Schools te dirije Pwomès Angajman Patriyotik la:

- Jack Shapiro, Boston Latin Academy - Kapiten Prensipal (Foutbòl Ameriken)
- Michael Ekweanya, New Mission High School - Kapiten Prensipal (Baskètbòl)
- Emily Ramirez, Madison Park Technical Vocational High School - Jwè Konfime (Volebòl)
- Heinrich Saint Paulin, Boston International Newcomers Academy - Jwè Konfime (Foutbòl)

Se Baird Lashley, Teknisyen Ijans Medikal, Boston EMS ki te chante Im Nasyonal la.

Klèje a, yon pati nan priyè entèrelizye a:

- Pè John Unni, Saint Cecilia Parish Center
- Imam Abdulqadir Farah, Islamic Society of Boston Cultural Center
- Rabi Elaine Zecher, Temple Israel
- Pastè Mirna Concepcion de Rodriguez, Nueva Vida United Methodist Church
- Evèk William E. Dickerson II, Greater Love Tabernacle

Loreya Pwezi Emmanuel Oppon-Yeboah te prezante yon travay orijinal li te ekri pou inogirasyon an.

[Lyen videyo sa ki te nan pwogram nan.](#)

Bib yo te sèvi pou Majistra Wu prete sèman an soti nan Boston Public Library:

Sent Bib, ki genyen Ansyen ak Nouvo Testaman Robert Aitken te enprime nan Philadelphia an 1781-182

- Bib sa a te resevwa apwobasyon Kongrè Kontinantal la an septanm 1782.
 - Premye edisyon Bib (Ansyen ak Nouvo Testaman) ki te enprime an anglè nan Etazini.
 - Premye – ak sèl – edisyon Bib Kongrè a apwouve.
 - Li te enprime yon ane anvan lapè ant Bretay ak Etazini fijitif la te fèt ofisyèlman. Pandan anpil tan enprimè britanik yo te genyen monopoli nan enprime Bib, men gè a te koupe enpòtasyon tout bib anglè yo.
 - Yo te gade adopsyon pwojè sa a, yon enprimè ameriken te reyalize, tankou yon deklarasyon patriyotik ak yon senbòl devlopman kilti Etazini.
- Bib sa a nan Boston Public Library.
- Yo te achte li an me 1941 nan vant anchè liv Alfred Edward Newton apre li fin mouri.
 - Bibliyotekè BPL yo te fè rechèch sou li, yo te achte li, yo te konsève li, yo te kataloge li, epi yo te rann li disponib pou plizyè jenerasyon vizitè, epi byento yo pral nimerize li.
 - Malgre li ra anpil epi li genyen anpil valè, BPL mete liv sa a disponib pou nenpòt moun ki swete sèvi avèk li.
 - Majistra Wu te prete sèman pou premye manda li a avèk Bib sa a an novanm 2021.

Sarah G. Kim, Jij Adjwen nan Kou Siperyè Massachusetts te fè Majistra Wu Prete Sèman. Majistra Wu te prete sèman nan Boston City Council la.

Feyè Enfòmasyon

Inogirasyon Majistra Michelle Wu

Lendi 5 janvyè 2026

Piblik la te fè yon total 2,000 moun, ki te genyen ladann lidè kominotè, kiltirèl ak relijye, ansanm ak lidè ki soti nan sektè sante, biznis, edikasyon siperyè ak atizay.

Boston Symphony Hall te premye lokal konsè nan mond lan achitèk renome ak yon pwofesè fizik Harvard te konsevwa, li te envante yon fòmil ki te sèvi pou bay espas la tan revèberasyon pafè a: 1.9 segonn.